



17 jen, 2022

POU : Manm Komite Skolè Boston an

SOT NAN MEN : Alison Hramiec, Direktris lekòl Boston Day and Evening Academy (BDEA)  
Cris Rothfuss, Prezidan, Konsèy Administrasyon lekòl BDEA

OSIJÈ : Demann pou Renouvèlman Charter (Kontra) lekòl Boston Day and Evening lan

Lekòl Boston Day and Evening School (BDEA) se yon Lekòl Charter (sou kontra) Horace Mann, ke Konsèy Edikasyon Elemantè e Segondè a te mete sou kontra pou yon tèm senk an. Orijinèlman li te apwouve an 1995, e eta Massachusetts te mete l anba kontra an 1998, kontra nou an te arive renouvle kat fwa, san kondisyon. Nan moman sa a, n ap apwoche fen katyèm ane a k ap ekspire an jen 2023. Kòm pati pwosesis kontrandi lekòl charter a, n ap chèche renouvèlman charter nou an (kontra nou an) pou pèmèt kontinyasyon operasyon nou apati jiyè 2023 jiska jen 2028. Pwosesis renouvèlman an mande pou nou fè yon refleksyon sou pwogrè nou arive fè pandan tèm charter aktyèl nou an, epi prezante plan nou yo pou lavni. Demann nan prezante analiz operasyon n yo ak rezilta n yo ansanm avèk kòmantè ki sot nan men elèv, manm pèsònèl, fanmi, fidisyè (manm administrasyon) lekòl BDEA, ak Ekip Lidèchip elèv klas tèmininal lekòl la. Divès plan alavni enkli tou kòmantè ki sot nan men pati enterese sa yo. Konsèy Administrasyon lekòl BDEA la te egzamine e apwouve materyèl sa yo (jou madi, 14 jen, 2022).

BDEA se yon lekòl segondè charter piblik altènatif nan katye Roxbury, ki gen yon wòl inik e enpòtan nan sèvi divès elèv ki depase laj lekòl e ki pa gen ase kredi kou pou lekòl segondè, atravè yon modèl edikasyon ki baze sou konpetans (63% nan elèv yo bay ranman egzamen ki pi ba pase nivo klas y ap fè a). Nan tèm charter sa a (kontra sa a) nou arive ogmante enskripsyon elèv edikasyon espesyal (SpEd) ak elèv ki nan kou angle kòm dezyèm lang (ESL), pandan ke n ap ogmante kantite manm pèsònèl nou yo ak resous nou yo, konfòmman (22% nan pwofesè yo gen doub sètifikasyon nan ESL, e 48% sètifye nan edikasyon espesyal [SpEd]). Pami 161 elèv nou yo ki te diplome pandan tèm charter sa a (kontra sa a), 54% arive ale nan inivèsite (kolèj), 19% arive ale travay, e 27% arive ale nan divès pwogram fòmasyon. Avèk yon aksan sou jistis reparatris ak yon angajman pou devni yon enstitisyon anti-rasis, nou arive mentni yon to sispansyon 3%, ki pi ba lontan pase divès mezi standa yo atann yo. Finansyèman palan nou stab, avèk 1,66 milyon dola an fòm pwopriyete ak sa nou posede. Nou fyè de patenarya solid nou genyen avèk ni Lekòl Piblik Boston (BPS) ni Sendika Pwofesè Boston an (BTU) pandan plizyè ane.

Akoz ke nou se yon lekòl Horace Mann Charter School, demann pou renouvèlman charter nou an bezwen sipò sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers' Union), ak yon vòt afimatif Komite Skolè Boston an. Ansanm avèk lèt sa a w ap jwenn kèk materyèl pou w egzamine. Nou espere diskite demann renouvèlman nou an avè w nan reyinyon komite skolè k ap fèt madi, 21 jen, 2022 a.

Mwen disponib pou m pale avè w sou dokiman sa yo avan reyinyon an, si toutfwa sa ta ede. Ou kapab rele m nan nimewo telefòn (617) 838-1157 oubyen voye yon imel ban mwen nan adrès imel [ahramiec@bostonpublicschools.org](mailto:ahramiec@bostonpublicschools.org).

*Lekòl Boston Day and Evening Academy, adrès : \* 20 Kearsarge Avenue Roxbury MA 02119  
nimewo telefòn \*617-635-6789*